

D+S

M

Lodas

17 dimanche o. C

NF p. 323

Paroles et musique : 30 juillet 1995
S. Pierre Chrysologue

- | | |
|---|---|
| R. Fò-ou mandé, y-ap ba ou,
Fò-ou chèché, ou-ap rivé jouinn,
Fò-ou mandé, y-ap ba ou,
Fò-ou frapé, pòt ap louvri. | Lc 11, 9 ; Mt 7, 7 ; Jn 14, 13-14 |
| 1. Fò-ou rabésé plat atè pou-ou kap mandé,
Fò-ou gin lodas pou-ou chèché nan fon nan nuit,
Fò-ou insisté pou-ou frapé lè pòt fèmin.
Mandé, y-ap ba ou. | Lc 11, 5-8 ; 18, 1-8 |
| 2. Abraam t-ap fè jis pri ak Granmèt la,
Si-l jouinn sinkant moun kòrèk nan vil Sodòm.
Li désann jous nan dis moun, min li rét la.
Mandé, y-ap ba ou. | Gn 18, 16-33 |
| 3. Moyiz té pran lapriyè pou Israèl,
Ki t-ap adoré zidòl nan plas Bondié.
Bondié kouté lapriyè Moyiz t-ap fè.
Mandé, y-ap ba ou. | Ex 32, 11-14 |
| 4. Éli rét sou mòn Karmèl, l-ap lapriyè,
Pou Bondié voyé lapli sou Israèl.
Yon nuaj monté, li gonflé, lapli tonbé.
Mandé, y-ap ba ou. | Jc 5, 17 ; 1 R 17, 1. 7 ; 18, 41-46 ; Si 48, 2-3 |
| 5. Mari invité nan nòs, nan bouk Kana,
Li lapriyè pou-l mandé Jézu divin,
Jézu kouté lapriyè-l, li fè mirak.
Mandé, y-ap ba ou. | Jn 2, 1-11 |
| 6. Jézu lapriyè anndan-n antan-l sé Tèt,
Li lapriyè pou nou tou antan-l gran-Prèt,
Nou-minm tou nou lapriyè-l antan-l Bondié.
Mandé, y-ap ba ou. | Col 1, 18
Jn 17, 1-26
Lc 23, 42 |
| 7. Nou pa konn sa pou-n mandé pou-n satisfè,
Léspri Sin-an ap plédé kòz nou pou nou,
Sé Li-Minm minm pou-n mandé nan lapriyè-n.
Mandé, y-ap ba ou. | Rm 8, 26
Lc 11, 13 |
| 8. Bondié kréyé-n : sé pou-n gin dé min nou vid,
Li anfanté-n : sé pou-n gin konfians nan li,
Li marié ak nou : sé pou-n kolé koté-l.
Mandé, y-ap ba ou. | Dt 1, 31 ; Ac 13, 18 ; Os 11, 1 ; Ps 131, 2
2 Co 11, 2 |